

Lè W Ap Vizite Etablisman Nou yo

Mass General Brigham konprann ke vizitè yo ak moun ki bay sipò yo tèlman valab pou sante w ak byennèt w. Sekirite pasyan nou yo, anplwaye yo ak kominote a enpòtan anpil pou nou. Denye Politik Vizitè nou an antre anvigè 19 me 2022.

Tout moun ki ta renmen vin vizite yo ak moun ki bay sipò (ki gen patnè nesans, paran/moun ki bay swen pasyan pedyatrik yo, avoka pasyan yo, ak moun ki deziyen sipò pou pasyan ki gen andikap yo ladan) ta dwe revize sit entènèt etablisman an pou konnen dènye règleman yo anvan yo eseye vizite.

Tout vizitè ak moun ki bay sipò yo dwe satisfè **kondisyon** ki anba yo.

- **Brigham and Women's Hospital**
- **Massachusetts General Hospital**
- **Brigham and Women's Faulkner Hospital**
- **Cooley Dickinson Hospital**
- **Martha's Vineyard Hospital**
- **Mass Eye and Ear**
- **McLean Hospital**
- **Nantucket Cottage Hospital**
- **Newton-Wellesley Hospital**
- **Salem Hospital**
- **Spaulding Rehabilitation Network**
- **Wentworth-Douglass Hospital**

Kalite vizitè nan etablisman Mass General Brigham yo

- **Vizitè pasyan yo** se moun ki vin nan enstalasyon Mass General Brigham yo pou vizite oswa sipòte pasyan yo. Vizitè pasyan yo ka gen moun ki bay sipò ladan tou. Moun ki bay sipò gen patnè nesans, paran/moun ki bay swen pasyan pedyatrik yo, avoka pasyan yo, ak moun ki deziyen sipò pou pasyan ki gen andikap yo ladan.
- **Vizitè esansyèl yo** se moun ki pa anplwaye Mass General Brigham men ki vin nan etablisman nou yo pou founi sèvis esansyèl. Pa egzanp, sa yo gen *pèsonèl* Sèvis Medikal Ijans, lapolis, machann ak kontraktè yo (ki gen ladan enfimyè prive), ak volontè yo.
- **Vizitè ochwa yo** se lòt vizitè ki pa anplwaye, ki pa pasyan. Sa yo enkli moun k ap vizite pou edikasyon, rechèch, administrasyon, oswa lòt rezon, ke anplwaye nou yo akeyi yo.

Vizitè pou pasyan ki entène

Lopital Mass General Brigham yo pral pèmèt sèlman de(2) vizitè pou chak pasyan alafwa.

Yo konsidere Moun ki Bay Sipò yo anplis de vizitè pasyan yo.

Nan kèk sikonstans, etablisman yo ka bezwen mete restriksyon sou vizit plis pase sa ki anwo a.

Pou vizitè pasyan ekstèn

Se yon pasyan oswa yon moun ki bay sipò ki pèmèt nan zòn pou pasyan ekstèn (zòn pou pasyan ki pa entène nan lopital la, pa egzans, nan sal dijans, sal operasyon oswa pwosedi yo, oswa klinik yo).

Tanpri sonje ke nan kèk sitiyasyon, nou ka bezwen limite vizitè yo pou asire sekirite pasyan yo ak anplwaye yo.

Tout vizitè ak moun ki bay sipò yo dwe ranpli [kondisyon](#) ki anba yo.

Pou vizitè esansyèl oswa ochwa yo

Vizitè esansyèl ak vizitè opsyonèl yo dwe opa ak vaksen COVID-19 ak grip yo pou yo antre nan enstalasyon Mass General Brigham. Rete opa ak vaksen COVID-19 la gen ladan li resevwa tout dòz rekòmande nan seri prensipal la ak yon rapèl si moun nan kalifye. Li pa nesèsè pou resevwa yon dezyèm rapèl pou ow konsidere opa nan moman sa a. CDC ofri plis enfòmasyon [isit la](#).

Kondisyon pou tout vizitè yo ak moun ki bay sipò yo

- Tout vizitè ak moun ki bay sipò yo ap sibi tès depistaj pou sentòm enfeksyon COVID-19 posib. Sa yo gen ladan lafyèv, tous, souf kout, gòj fè mal, frison, doulè nan misk, oswa nouvo atak pèt gou oswa sant. Nenpòt moun ki gen okenn nan sentòm yo p ap asepte. Anplis, vizitè ak moun ki bay sipò ki gen yon enfeksyon COVID-19 aktif oswa ki te ekspoze a COVID-19 p ap asepte. Nou ankouraje vizitè ak moun ki bay sipò yo atoutfòs pou yo itilize **zouti Depistaj Anvan (Prescreening tool) Mass General Brigham** nan jou vizit la. Yo kapab fè yon tès depistaj an pèsòn tou.
- Vizitè ki te fèk gen COVID-19 pa kapab vizite lopital la jiskaske 10 jou pase depi kòmansman sentòm yo oswa tès ki te pozitif. Vizitè ki nan karantèn pou yon ekspozisyon ak COVID-19 yo pa kapab vizite lopital la jiskaske 10 jou pase apre ekspozisyon yo. Sa a ka diferan de direktiv izolasyon/karantèn pou kominote a.
- Tout vizitè ak moun ki bay sipò yo **dwe mete yon mask etablisman an bay** tout tan yo nan etablisman nou yo. Vizitè yo ak pasyan yo ki chwazi mete yon mask ki pa etablisman yo ki bay li

oswa lòt fòm kontwòl sous yo dwe mete yon mask etablisman yo bay sou li, ki kouvri pwodwi ki pa etablisman yo ki bay yo. Etablisman yo gen dwa pou mande vizitè yo oswa pasyan yo si yo deside, pou yo retire nenpòt fòm kontwòl sous ki reprezante yon danje pou moun ki nan etablisman an. Tout vizitè ak moun ki bay sipò yo dwe fè ijèn men yo lè y ap antre nan etablisman an.

- Vizitè yo dwe tann deyò jiskaske li lè pou vizit yo.
- Vizitè yo pa kapab manje nan chanm pasyan yo.
- Yo p ap pèmèt vizitè yo si vizit la reprezante yon gwo risk kontwòl enfeksyon pou pasyan yo, vizitè yo oswa anplwaye yo.
- Yo ka mande vizitè ki pa ka konfòme yo pou yo kite etablisman an.

Mizajou 11 me 2022